Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 10 (7514)
10 март
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъулаб совешание



Гьал къоязда Унсоколо районалъул администрациялда тІобитІана иргадулаб аппараталъулаб совешание. Гьеб бачана муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас.

Данделъиялда гьоркьор лъуна муниципалитеталда хурхарал батІи-батІиял суалал. Гьениб аслияб суаллъун букІана жакъасеб къоялъул тІалабазда рекъон районалъул экономика чІара-хьараб хІалалда цІуни.

«Нилъеда лъала гьабсагІаталда Украиналда унеб бугеб нацистазде ва демиталиризация гьабиялда хурхун хасаб операциялъул хІакъалъулъ. Гьенир нацистазде данде рагъулел руго нилъер ракьцоялги. Гьединаб ахІвал-хІалалда кутакалда цІикІкІараб кІвар буго улкаялда жаниб чІара-хьараб экономикияб ахІвал-хІал букІиналъул. Бегьуларо лъицаниги бугеб ахІвал-хІалалдасан пайдаги босун, кванил нигІматазул багьаби рахинаризе, рукІине ккола киналго кванил нигІматал киназго пайда босизе кІолеб куцалда»,-ян абуна данделъиялда районалъул бетІерас. – Гьединлъидал дица киналго росабазул бутІруздасан ва жавабиял гІадамаздасан тІалаб гьабулеб буго къвакІараб ва жавабчилъи цІикІкІараб хьаравуллъи букІинабизе районалда жанир кколел хиса-басиязда хадуб»,-ян бихьизабуна хадубги районалъул бетІерас.

ГІ. НурмухІамадовас гьединго тІадчІей гьабуна гьадинаб захІматаб заманалда цоцалъ гъункун, цо чияс гІадин пачалихъалъул интересал цІунизе ккеялдаги. Данделъиялда гьес ракІалде щвезавуна Донбас цІунулаго бахІарчилъиялда хварав Кулинский районалдаса Россиялъул армиялъул офицер НурмухІамад ХІажимухІамадов. «Гьев вукІана киназего мисалияв гІолохъанчи, спортсмен, рагъухъан, ВатІаналъул унго-унгояв патриот, гьев хвана бихьинчи гІадин ВатІан цІунулаго»,-ян бихьизабуна районалъул бетІерас.

Хадубги бицана Украиналда кколелда хурхун фейказул ва гьересиял информациязул рахъалъ уголовнияб тамихІалде цІазе рукІиналъулги. Гьенибго хІукму гьабуна районалда чІара-хьараб ах1вал-хІал букІинаби мурадалда Оперативияб штаб гІуцІизе. Гьелда гъорлъе уна киналго росабазул бутІрул, цо-цо отделазул нухмалъулел. Оперштабалъе нухмалъи гьабизе буго районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас.

## ЕГРНалъул баянал ракІариялъе

2 марталда районалъул бетІерас данделъи ахІана церего хІисабалде росарал объектазул бетІергьабилъун рахъаразул суалгун. Данделъиялда гІахьаллъана «Служба земельно-кадастровых отношений» МКУялъул нач. М. МухІастанов ва гьеб отделалъул хІалтІухъаби.

Церего хІисабалде росарал объектазул бетІергьаби тІатинариялда гьарулел тадбирал тІоритІула РДялъул Росреестралъул Управлениялъул ва РДялъул ракьазулгун буголъиялъул гьоркьорлъабазул Министерствалгун цадахъ. Гьедин буго ФЗялъул «РДялъул хасал законалъулал актазда хиса-басиял» гьаруралдаса хадуб. Гьел гьаруна 202І соналъул 29 июналда.

Гьедин, Дагъистаналъул буголъиялъул Министерствалъ Унсоколо районалде битІун бачІана 5087 ракьул участкаялъулги І728 объектазулги списокал, росабазул бутІруз гьелда тІад ихтияр гьабулел тІатинаризе. Щибаб бакІалъулаб муниципалитеталда комиссия гІуцІун буго гьел объектазул кидагосел бетІергьаби чІезариялъе.

МухІастан МухІастановас бихьизабухъе гьеб суалалда хурхун бакІалъулал муниципалитетазул специалистазгун цадахъ щибаб къойилаб хІалтІи гьабулеб буго. Руго цо-цо захІмалъаби гьеб хІалтІулъ, гьелги цадахъ рекъон тІатинаризе руго.

## Налогал ракІариялъул суалгун



Гьал къоязда районалъул администрациялда гьоркьоб лъуна транспорталъул налог бакІариялъул ва гІаммаб къагІидаялда киналго налогал жанире рачІинариялда хурхарал суалал. Гьеб мурадалда муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас данделъи ахІана экономикияб отделалъул хІалтІухъабазул. Суалал хъатІана киналго видазул налогал ракІари хехлъизариялда ва транспорталъул налогал ракІарулеб комиссиялъул хІалтІудаги.

Отделалъул хІалтІухъабазда тІадкъана унго-унголъунги налогал ракІариялъул суал кодохъ босизе ва хехлъизабизе хІажат бугин.

## «Нилъергоязе гІоло»



Улкаялъул нухмалъиялъе ва Россиялъул Армиялъе кумек-кверчІвай гьабиялъе 2 марталда Шамильхъалаялъул школалда тІобитІана «Нилъергоязе гІоло» абураб флешмомб. Лъимал чІана ритІарал кьерал ккун, гьедин лъугьинабуна «Z» хІарп.

Флешмомб гІуцІараллъун цере рахъана гІолилазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул, спорталъул ва туризмалъул отдел районалъул пресс-хъулухъгун цадахъ.

РакІалда чІезабизин; гьединал тадбираз кумек гьабула захІматал минутазда цоцалъ гъункизе, захІмалъиялда ругезе моралияб мугъчІвай щвезе, борхизабула гІолеб гІелалъулъ ВатІан бокьиялъул асар.

## 8 Марталъул хІурматалда



5 марталда Унсоколо районалъул администрациялъул клубалда букІана рохалилаб тадбир. Гьеб бухьараб букІана Халкъазда гьоркьосеб руччабазул Къо – 8 марталда.

Клубалъул залалда данделъун рукІана нилъер районалъул муниципалитеталъул: школаздаса, ясли-ахаздаса, мед. учрежденияздаса, администрациялдаса ва цогидалги учрежденияздаса руччаби.

Праздникалъулаб тадбир рагьулаго районалъул культураялъул отделалъул нач. ГІ. ГІабдулаевас 8 март баркана нилъер яцазда, ясазда, улбузда, кІудиял улбузда. «Нужеца, нижер хириял руччаби, дунял гьабулеб буго берцинаблъун, гьайбатаблъун. Нужеца къуват кьолеб буго нижее, бихьиназе гьарулел киналго ишазулъ. Баркала буго нужее, захІматалъухъ, тІалаб-агьазалъухъ, рекІел лъикІлъиялъухъ»,-ян абуна жиндирго кІалъаялда ГІ. ГІабдулевас.

Гьединго данделъаразда баркиялъул каламгун цеве вахъана муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадов. «Нужер щибаб къойилаб тІалаб-агьазалъ нилъер рукъзабахъ цІунун буго рекІел хинлъи, аваданлъи, гІакъилаллъун, чорхолъ ритІараллъун гІолел руго нилъер лъимал, ургъел тун, гІодоре риччан рукІуна бихьинал. Нижер хириял руччаби! Биччанте нужер хъизаназда букІине гІодоре риччараб, рохалилаб ахІвал-хІал! Биччанте нужер хирияз нуж кидаго цІунизе квешабщиналдаса, цІунизе нужер руччабазул талихІ! Сахлъи нужее, рекІее рахІат, кинабго лъикІабщинаб!»,-ян абуна ГІ. НурмухІамадовас.

Организациязулгун учреждениязул захІматалъулъ ратІа рахъарал руччабазе кьуна грамотаби ва тІугьдул. Лъай кьеялъул отделалъул рахъалдасан Баркалаялъул кагътал ва тІугьдул кьуна ГІиса аварагасул мажгит баялда гІахьаллъаразеги.

Баркиялъул рагІабигун кІалъазе вахъана финансовияб отделалъул нухмалъулев Ж. Шамсудинов. БатІияб рекІел хинлъиялъулгун ана баркиялъул тадбир гьеб къоялъ.

ГІадат хІисабалда гьединал тадбирал тІоритІулаан концерталъулал программабигун. Амма Украиналда унеб бугеб рагъи, гьенир гІахьаллъулел ругел нилъер ракьцоязулги хІурматалда тадбир тІобитІана концерталъулаб программаги гьечІого. Щияй чІужугІаданалда, эбелалда, яцалда, ясалда, хъизаналда бичІчІула гьеб рагъулаб операциялъул кІвар. Гьединлъидал данделъиялда гьабуна дугІа нилъер солдатазе ва гьарана гьел сах-саламатго тІад руссин.

Нилъер умумал

# Дагъистаналъул тIоцевесев академик - нилъер ракьцояв

**(Байбихьи 9 номералда)**

ГIемерал соназ коммунист партиялъул Дагъистаналъул областалъулаб комитеталъул членлъунги. ХIабибулла ГIамирханов вищун вукIана Советияб Союзалъул гIелмияб академиялъул член-корреспондентлъун. ГIемерал саназ ХIабибуллагь вищун вукIана Россиялъул Федерациялъул Верховный Советалъул председателасул заместительлъун.

КIудияв гIалимчи, гьунар бугев гIуцIарухъан ва унго-унгояв гIадан-гьединавлъун хутIана гIагарлъиялда, гьудул-гьалмагъзабазда ва цадахъ хIалтIулел рукIаразул рекIелъ Дагъистаналъул тIоцевесев академик ХIабибулла ГIамирханов. Академик ХIабибулла ГIамирхановасул цIар дида тIоцебе рагIана ва лъана мунагьал чураяв Генуса АхIмадов Казимбекица бицун. Казимбег гIемерал саназ хIалтIана Унсоколо партиялъул райисполкомалда ва райкомалда, хадув гьев хIалтIана Рихьуни ГЭСалда ва гьелдаса хадуб вищун вукIана Унсоколо районалъул администрациялъул бетIерлъунги.

**Цолъиялъул къоялъул тарих**

Щибаб санайилго 4 ноябралда нилъер улкаялда кIодо гьабула пачалихъияб праздник - Россиялъул цолъиялъул къо. Гьеб ракIалдаго гьечIого тIаса бищараб кколаро. Жиндирго гIолохъанлъиялъухъ балагьичIого гьеб байрамалъул къалбал руго I7 гIасруялъул I6I2 соналъул лъугьа-бахъиназда, ахир-къадги Москва Польшаялъул интервентаздаса эркен гьабиялда хурхараб. ХIакъикъаталдаги 4 ноябралда (цебесеб стилалда 22 октябралда) букIана Нижегородалъул рагъул цевехъан Кузьма Мининил ва князь Дмитрий Пожарскиясул нухмалъиялда гьоркь,халкъияб тIадерахъин. Гьелъ бергьенлъиялда гьужум гьабуна Китай-городалде ва Польшаялъул армия хехаб къагIидаялда капитуляциялда гьоркь гъулбас гьабизе хIажатаблъун ккана.

Эркен гьабураб шагьаралде тIоцеве Казаналъул Божий Матери иконагун лъугьана Д. Пожарский. Гьелъ бергьенлъиялъе квербакъараблъун рикIкIунаан доб мехалда. Гьедин I6I2 соналда Пожарскияс Казаналъул иконаялъул хIурматалда ва поляказда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло БагIараб площадалда жиндирго къуваталдалъун бана цIулал церковь.

Къаница бараб Казаналъул собор борхана I635 соналда, цIулал церковь бухIун букIараб бакIалда. I649 соналда царь Алексий Михайловичас указ бахъана 4 ноябрь пачалихъияб праздниклъун гьабун. Россиялда гьеб праздник кIодо гьабулаан революция ккараб I9I7 соналде цIвезегIан.

КIудияб бергьенлъи Польшаялъул интервентазда тIад босараб гьеб праздникалъул хIурматалда В. Путиницаги 2005 соналда Указ бахъана 4 ноябрь цIидасанги Россиялъул Пачалихъияб праздниклъун, Халкъазул цолъиялъул къолъун гьабун. Гьеб праздник гIадин кIодо гьабиялъул идея кьуна Россиялъул Межрелигиознияб Советалъ. Гьедин Халкъал цолъиялъул къо кколаро цохIо светскияблъун, гьеб ккола диниял гьоркьорлъабазгин, халкъалъго кIодо гьабулеб праздник. Цебе гьеб 7 ноябралде бачун букIана.

ГьабсагIаталда Россиялъул халкъазул цолъиялъул къо цIакъго машгьураблъун лъугьун буго; ВатIаналъул суалазда жаниб гьанжесеб цебе бачунаго араб кIочене бегьуларелъулха.

Х1абибуллагьида цIакъ лъикI лъалаан Унсоколо районалъул тарих. Гьесие бокьулаан гIемер бицине имамзаби ГъазимухIамадилги, Шамилилги, рагъулав комиссар МахIач Дахадаевасулги, ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазулги. Лъалаан гьесда жиндирго гIагарлъи букIарав ГIашилтIаса Багьадур Малачихановасул къисматги. Казимбегица дида гьев академик ГIамирхановасул бицен гьабун ана I5 сонгIаги. Дица гIемераб цIех-рех гьабуна Г1амирхановасул къисмат лъазабизе. Лъараб щинаб бутIа- бутIа гьабун хъвалебги буго. Дун щвана Дагъистаналъул гIелмияб академиялъул филиалалде, щвана гьединго физикаялъул институталде. Ратана гьенир ХIабибулла Г1амирхановасул коллегабиги ва гьудул-гьалмагъзабиги. Гьесул гIагарлъи цIехон дун цIакъ гIемер хьвадизе ккана. Дида гьесул хъизаналъул лъана гьаб хадусеб баян. Гьесул эмен хун вуго I9I7 соналъ, I9I8 соналъ большевиказ чIван вуго кIудияв вац Жамал пачаясул армиялъул офицер вугин абун. Цоги вацасул ва лъабайго яцалъул къисмат дида лъазе кIвечIо. Гьеб Г1амирхановасул ясалъул яс-Наирадаги лъалеб гьечIоан.

Академик ХIабибулла Г1амирхановасул эбел, Унсоколоса Мусал яс-Баху- бика гьаюна Унсоколо росулъ гIага-шагарго I885 соналъ ва гIумроялъго Буйнакск шагьаралда йикIана, гьей хун йиго I943-абилеб соналъ, юкъунги йиго гьенийго бусурбабазул хабалалъ. ХIабибулла Амирхановасул хъизан йикIун йиго гIурусай- Кулиш Антонина Семеновна. Гьелъул эбел-эмен хехгого хун руго 20-абилеб гIасруялъул байбихьуда ва къисматалъ гьей ккун йиго Баку шагьаралда детдомалде, хадуб хьихьун йиго бесдал эбелалъ. Антонина Семеновналъул эмен биценалда рекъон вукIун вуго 26 Бакуялъул комиссаразда гьоркьов ва революционнияб багьа-бачариялда гьоркьов гIахьаллъулаго тунка-хIусиялда чIванги вуго.

Бакуялъул университеталда физикаялъул факультеталда ХIабибулла цIалулеб мехалъ цадахъго гIадин университеталъул историялъул факультеталда цIалулей йикIун йиго Антонина Семеновнаги. Гьениб ккараб гьудулъиялъул хIасилалда гьезда гьоркьоб ккола цоцаздехун бербалагьи ва университеталда цIали лъугIарабго данделъун гьез гIуцIана цIияб хъизан. ХIабибулла ва Антонина рос-лъадилъун данделъун гьезие гьаруна кIиго лъимал-васги, ясги. Гьезул вас- Г1амирханов ХIажимурад гьавуна I93I-абилеб соналъ, гьес лъугIизабуна рагъулаб летчиказул училище ва гIемерал саназ хъулухъ гьабуна Советияб армиялъул рагъулал гьаваялъул аскаразда, хадув хIалтIана аэрофлоталда нухмалъиялъул хъулухъалъул ишазда. 60-абилел соназ Г1амирханов ХIажимурад хIалтIана Египеталда букIараб Совет Союзалъул посольствоялда рагъулав атташелъун. Советияб пачалихъ I99I-абилеб соналъ биххидал Г1амирханов ХIажимурад хъизан-лъималги рачун гочун ана гIумро гьабизе Американалъул Цолъарал Штатазде. Гьезул руго вас- Мурадги ва яс-Тамилаги. ГIумро гьабулеб буго Калифорния штаталда.

ХIабибуллагьил яс-Дженет, I929-абилеб соналъ гьаюрай, гIумроялъ хIалтIулей йикIана инсуда цадахъ Дагъистаналъул физикаялъул институталда лабораториялъул заведующаялъун. Дида гьей гIадан йихьичIо, щай гурелъул гьей кIудияй гIаданги йигин, унтунги йигин бицана дида гьесул ясалъул ясалъ. Дун дандчIвана академик Г1амирхановасул ясалъул яс-Наирагун. Наира гьаюна I962-абилеб соналъ. Гьелъ бицана дида жиндирго кIудияв инсул тарих. Наираца бицана жал гIисинал лъимал ругел мехалъ жидехъе гIемер рачIунаанин Унсоколо росулъа кIудияв инсул яцгIалзаби-Г1айшатги, ГIунайзатги. Гьез бачIунаанин жидее кидаго гIемераб цIулакьоги, пурчIунги, цогидал пихъалги абун.

Унсоколо росу ккола Дагъистаналъул тIоцевесев академик ХIабибулла Г1амирхановасул эбел-Мусал яс Баху-бикал ватIан. Унсоколо росулъ 20-абилеб гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялда кинални росуцоязда лъикI лъалаан НестIуразул АгIищатги, ГIунайзатги-кIиго яц. Гьел рукIана цIакъ гIодоре риччарал, берцинаб гIамал-хасияталъул, магIарул гIадатазда магIишатги, гIумроги гIуцIарал, магIарул яхIги-намусги цIунарал руччаби. НестIуразул АгIищатилги, ГIунайзитилги эмен-Мусал ГъазимухIамад (I880-I939сс.) ккола Баху-бикал тIул бикьарав вац. Гьединлъидал академик ГIамирханов ккола НестIуразул АгIищатилги, ГIунайзитилги вацгIал. Баху-бикал вац Мусал ГъазимухIамадил чIужу ккола Унсоколо росулъа Истанкарил Патимат (I895-I972гг.) Истанкарил Пат1иматил вацгIал ккола Дагъистаналъул цIар рагIарав ругъулав комиссар МахIач Дахадаев. Истанкарил Пат1иматил тIул бикьарав вац вукIана Нартил МухIастан,-абун. Гьезул гIагарлъиялъул биценалда рекъон МухIастанил чIужуги, ясги ва васги революциялда цересел соназ Турциялде ун гьенирго чIун руго гIумро гьабизе.

Унсоколоса Мусал ГъазимухIамадилги ва гьесул чIужу Истанкарил Пат1иматилги хъизамалда рукIана ункъо лъимер. КIиго васги, кIиго ясги. Мусал ГъазимухIамадил ва Пат1иматилги кIиявго вас-МухIамадгIалиги, ХIамзатги КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьарабго кIиявго вац кьун гIарзагун фронталде ана ва бахIарчиго хвана фашистазул хъамал чагIаздаса ВатIан цIунулаго. Гьезул рагъулаб къисмат лъалев чиги гьечIо.

Мусал ГъазимухIамадилги Пат1иматилги ясал кколаан НестIуразул АгIищатги, ГIунайзатги. АгIищатил рос-рукъги, лъимал чагIиги рукIинчIо. ГIунайзат росасде ана Унсоколо росулъа цIар рагIарав багIарав партизан Ибрагьимов ХIажие.Гьезие гьаюна цо яс- Пат1имат. Къисматалъ кIиго ясги нахъа тун ГIунайзатил Пат1имат хвана I988 соналда. Жакъа МахIачхъалаялда гIумро гьабулеб буго Пат1иматил кIияйго ясалъ-Наидаца ва Патиматзагьратица. Гьел гIисинго ругеб мехалъ гIумро гьабулел рукIана Унсоколо росулъ ва гьез кIиязго лъугIизабуна Унсоколо росдал №I гьоркьохъеб школа. Гьезул кумекалдалъун бажарана дида лъазабун Унсоколоса Мусал яс Баху-бикал хIикматаб къисмат. Темир-Хан-Шура шагьаралда гIумро гьабулел рукIарал князь Несторил ва гьесул хъизаналъул цIарал мухIкан гьаризе дида кигIан хадув лъугьаниги бажаричIо. Амма ансадерил тарихалда нахъе хутIана Унсоколоса Мусал яс, Несторил Баху-бикал цIар. Хадусел гIелаз цоцахъе кьолаго Несторил цIар рекIана Баху-бикал вацал-яцаздаги, лъималаздаги. Ансадерица жидерго къагIидаялъ кьокъ гьабун, хисизабун ахиралда абизе байбихьана НестIуразул ГIунайзат, НестIуразул АгIищат абун. Цоги нухалъ мухIканлъи гьабун хъвалеб бугони, Дагъистаналъул тIоцевесев академик ХIабибулла ГIамирхановасул эбел- Баху-бика ккола Унсоколоса НестIуразул ГIунайзатилилги, АгIищатилги эмен-Мусал ГIазимухIамадил тIул бикьарай яц. Академик ХIибибуллагьил ясалъул яс Наираца бицана дида тIатIалго гIадин кIудияв эмен чIаго вугев мехалъ жидехъе гIемер рачIунаанила Унсоколоса гьесул гIагарлъиялъул гIадамал абун. Амма гьев хваралдаса хадуб гьеб гIагарлъиялъул бухьен лъугIун буго. Гьединав кIудияв гIалимчи эбелалъул рахьалъ вукIаниги нилъер ракь цояв вукIин кIудияб баракат буго ва нилъ гьелдаса рохизе ва чIухIизе ккола.

Жакъа МахIачхъала шагьаралда гIумро гьабулеб буго академик ХIабибулла ГIамирхановасул ясалъул ясалъул яс-Бахуца. Гьелда лъураб цIарги киназдаго бичIахъе академик Г1амирхановасул ясалъул яс Наираца жиндирго ясалда лъураб Баху абун цIарги, жиндирго кIудияй эбел, академикасул эбел-Унсоколоса Баху-бикал цIар ккола. Гьаб къокъабго тарихалъул буго нилъее кIиго кIудияб дарс: гIагарлъи цIунизе ккола, нилъер ракьалда гIурал бахIарзабазулги, гIалимзабазулги цIарал бачIунеб гIелалъе нахъе цIунизе ккола. Унсоколо районалъул тарихалда жаниб ГъазимухIамадилги, Шамилилги, МахIачилги, МахIмудилги цIаразда гьорлъ нилъеца рехсезе ккола Дагъистаналъул тIоцевесев академик ХIабибула ГIамирхановасул цIарги.

Гьеб мурадалда дида ракIалда буго цо гьитIинабго тIехьги хIадуризе, Аллагьас хъван батани.

**ХIажи ИБРАГЬИМОВ**

**РФялъул лъай кьеялъул ХIурматияв хIалтIухъан,**
**РДялъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи,**
**РДялъул лъай кьеялъул отличник,**
**«Патриоты России» медалалъул кавалер,**
**краевед**

# Пенсионный фонд информирует



**С прошлого года в нашей стране осуществляется приём заявлений на получение ежемесячных пособий для одиноких родителей и ежемесячных пособий для беременных женщин. Скажите, пожалуйста, как эта работа идёт в Дагестане? Какое число наших земляков уже получают данную выплату, и какие существуют проблемы в этом направлении?**

Начнём с ежемесячного пособия на ребенка в возрасте от восьми до шестнадцати лет включительно– мера государственной поддержки родителям, которые в одиночку воспитывают детей.

Право на выплату имеют родители, которые в одиночку воспитывают детей от 8 до 16 лет включительно и имеют доход, не превышающий прожиточного минимума. Величина прожиточного минимума на душу населения в Дагестане – 11 тысяч 515 рублей. Чтобы рассчитать ежемесячный доход, нужно разделить годовой доход семьи на 12 месяцев и на количество членов семьи.

Размер ежемесячного пособия равен 50% прожиточного минимума для детей индексируется в начале каждого года.

В 2022 году – это 5749,5 рублей.

Пособие назначается при следующих обстоятельствах: ребенка от 8 до 16 лет воспитывает единственный родитель (т.е. второй родитель умер, пропал без вести, не вписан в свидетельство о рождении);

ребенка от 8 до 16 лет воспитывает родитель, законный представитель ребенка, в отношении которого есть судебное решение о выплате алиментов.

Важно то, что нужно только написать заявление, в том числе и через госуслуги. Это удобно. Пенсионный фонд самостоятельно запросит необходимые документы в рамках межведомственного взаимодействия из соответствующих органов и организаций.

Представить дополнительные сведения о доходах понадобится только в том случае, если в семье есть военные, спасатели, полицейские или служащие другого силового ведомства, а также, если кто-то получает стипендии, гранты и другие выплаты научного или учебного заведения.

Так вот основные проблемы возникают тогда, когда заявители отказываются принимать основания для отказа в назначении данного пособия:

А это чаще всего ситуация, когда размер ежемесячного дохода на человека в семье выше величины регионального прожиточного минимума на душу населения, в заявлении бывают недостоверные или неполные данные. В этом случае вы можете донести недостающие документы в течение 5 рабочих дней, если заявитель не представил недостающие документы в течение 5 рабочих дней, или же в собственности у семьи есть имущество, превышающее требования к движимому и недвижимому имуществу;

**Ещё одно ежемесячное пособие назначается беременным женщинам, проживающим на территории РФ, вставшим на учет в медицинской организации в первые 12 недель беременности, если ежемесячный доход на человека в семье не превышает регионального прожиточного минимума на душу населения.**

В Дагестане величина прожиточного минимума для трудоспособного населения составляет 12 551 рублей.

Размер ежемесячного пособия равен 50% регионального прожиточного минимума для трудоспособного населения в регионе проживания.

В Дагестане в 2022 году – это 6275,5 рублей.

Выплаты начинаются с 12 недели беременности и до месяца родов или прерывания беременности. Если подали заявление в течение 30 дней с даты постановки на учет, то деньги выплатят с 6 недели, если позже - с месяца обращения.

Пособие назначается при следующих обстоятельствах:

срок беременности от 6 недель;

регистрация в медицинской организации произошла в первые 12 недель беременности;

ежемесячный доход на человека в семье не превышает регионального прожиточного минимума на душу населения;

собственность семьи не превышает требования к движимому и недвижимому имуществу;

заявитель проживает в РФ.

И вновь проблема в том, что существуют основания для отказа. А это чаще всего ситуация, когда размер ежемесячного дохода на человека в семье выше величины регионального прожиточного минимума на душу населения, если в заявлении окажутся недостоверные или неполные данные. В этом случае вы можете донести недостающие документы в течение 5 рабочих дней, если в собственности у семьи есть имущество, превышающее требования к движимому и недвижимому имуществу, если женщина не посещает медицинскую организацию в период беременности.

**Вместе с тем, с нового года в Пенсионный фонд перешли ещё ряд мер, ранее оказываемых органами соцзащиты. Понятно, что нагрузка колоссальная, потому вопрос. О каких мерах соцподдержки идёт речь, и как справляетесь?**

Да, на самом деле Пенсионный фонд с 2022 года Пенсионный фонд предоставляет отдельные меры поддержки, которые раньше оказывали органы социальной защиты населения. Перевод услуг в Пенсионный фонд происходит автоматически. Тем, кто уже получает выплаты, не нужно никуда обращаться, чтобы переоформить их и продолжать получать средства. Если пособия еще не оформлены, начиная с 2022 года обращаться за ними нужно в клиентские службы Пенсионного фонда республики в городах и районах. Условия предоставления мер социальной поддержки остаются прежними.

Передаваемые фонду меры получают разные категории граждан. Например, семьи с детьми и те, кто готовится к их появлению. Для родителей предусмотрены ежемесячные и единовременные пособия, включающие выплаты по беременности, по рождению или усыновлению, а также по уходу за детьми. Кстати, эти выплаты в Дагестане самые востребованные.

Условия назначения мер не меняются, и для их оформления, как и раньше, нужно подать заявление. При этом с переходом функций по выплатам в Пенсионный фонд их получение будет постепенно упрощаться. В частности, благодаря тому, что подтверждать право на меры фонд будет по принципам социального казначейства, основываясь преимущественно на собственных данных и сведениях, которые ПФР запросит в других ведомствах. Это позволит со временем снять с граждан обязанность по сбору документов и упростит получение средств.

**Итак, Ежемесячное пособие по уходу за ребенком до 1,5 лет.**

Выплата полагается неработающей маме ребенка до 1,5 лет, уволенная во время беременности или декретного отпуска из-за ликвидации работодателя либо прекращения деятельности в качестве индивидуального предпринимателя, нотариуса или адвоката, неработающему родителю ребенка до 1,5 лет, а также его опекуну или родственнику, уволенному во время отпуска по уходу за ребенком.

Важный фактор - пособие по уходу за ребенком назначается только в том случае, если ухаживающий не получает пособие по безработице.

Размер пособия в 2022 году составляет 7677,81 руб.

Пособие предоставляется за весь период ухода за ребенком: начиная с рождения или с первого дня отпуска по уходу, заканчивая днем, когда ребенку исполняется 1,5 года. Пособие предоставляется на каждого ребенка, за которым осуществляется уход.

Ещё одна востребованная выплата - единовременное пособие при рождении ребенка

Выплата полагается неработающим родителям ребенка либо его опекуну, усыновителю или приемному родителю.

Размер

В 2022 году – это 20 472,77 руб. на каждого ребенка.

**В этом году ежегодная индексация пенсий в феврале проходила в 2 этапа, причём это было значимое повышение. Расскажите пожалуйста о том, какие категории подпали под прошедшую индексацию, и кампания была реализована?**

Вообще в стране индексация коснулась 30,8 млн неработающих пенсионеров в Дагестане - это более 540 тысяч пенсионеров.

С 1 января выплаты были увеличены на 5,9%, а с 1 февраля, в соответствии с изменениями федерального законодательства, дополнительно проиндексированы до 8,6%. В результате повышения страховая пенсия по старости неработающих пенсионеров увеличилась в среднем на 1,5 тыс. рублей в месяц, ее средний размер теперь составляет 18 984 рубля.

У каждого пенсионера прибавка после индексации индивидуальна и зависит от размера получаемой пенсии.

Индексация коснулась и ежемесячной денежной выплаты и набора социальных услуг. Также, на 8,4 % увеличилась стоимость набора социальных услуг, теперь это 1 313,44 рубля в месяц.

**А что касается долгожданной индексации размера материнского семейного капитала? Разъясните, пожалуйста, какая это теперь сумма для семей с первым ребёнком, и для тех, в чьих семьях появился второй и последующий ребёнок? Какую помощь дагестанцы в этом случае получат от государства по линии ПФР?**

Материнский капитал на первого ребенка с февраля увеличен на 40 646 рублей и теперь составляет 524 527,9 рубля. Такая же сумма полагается семьям с двумя детьми, если второй ребенок рожден или усыновлен до 2020 года, а родители еще не оформляли либо ни разу не использовали сертификат.

Размер повышенного материнского капитала, который дается, если оба ребенка появились, начиная с 2020 года, увеличился после индексации на53 712,27 рублей и составляет 693 144,1 рубля.

Для родителей, которые получили капитал на первого ребенка, а затем родили или усыновили еще одного, объем господдержки увеличивается дополнительно. В этом году сумма такой прибавки к материнскому капиталу за счет индексации выросла до 168 616,2 рубля.

Средства семей, пока не израсходовавших материнский капитал, также проиндексированы с этого месяца.

Программа материнского капитала действует до конца 2026 года.

Напоминаю, что с 15 апреля 2020 года сертификат на материнский капитал оформляется автоматически. Информация о получении семьей материнского капитала направляется в личный кабинет владельца сертификата на портале Госуслуг. Семья может распоряжаться материнским капиталом, получив сертификат в электронной форме в беззаявительном порядке.

Всего с начала действия программы, то есть с 2007 года ведомством выдано 347 577 тысяч сертификатов на материнский семейный капитал, из них 41 775 в проактиве.

**В общем, везде мы ощущаем провозглашённую руководством страны цифровизацию. Коснулась она и трудовой книжки, теперь уже электронной. Расскажите пожалуйста, как идёт процесс перехода с бумажной на электронную книжку в нашей республике?**

Ну, однозначно могу сказать, что в Пенсионном фонде у каждого работника уже есть электронная трудовая книжка, это с сохранением бумажной. Таков, как правило, выбор людей. А переход происходит именно по выбору граждан. 294 тысячи работающих дагестанцев уже выбрали электронную трудовую книжку.

Вы знаете, что трудовая книжка - основной документ, подтверждающий трудовую деятельность и стаж. И с 2020 года у каждого работающего гражданина документ ведётся в электронном виде.

При увольнении работнику указывают информацию о периоде работы либо на бумажном носителе, либо в электронном виде, если у работодателя есть усиленная квалифицированная электронная подпись.

Причём сведения о трудовой деятельности могут быть выданы работодателем не только при увольнении, но и в период работы. Срок представления сведений в этом случае составляет не более 3 рабочих дней со дня подачи работником соответствующего заявления. Получить информацию из электронной трудовой книжки можно в личном кабинете на сайте ПФР или на портале госуслуг.

**Отдел ОПФР по РД в Унцукульском районе...**

Спорт

## Дагъистаналда - кIиабилеб бакI




Гьал къоязда Хунзахъ районалда тIоритIана волейболалъул рахъалъ руччабазда гьоркьоб зоналияб къецал. Гьениб нилъер районалъул 2006-2007 саназда гьарурал ясазул командаялъ ккуна кIиабилеб бакI.

Къецазда гIуцIарухъабилъун цере рахъана республикаялъул физическияб культураялъул ва спорталъул Министерство, гьединго РДялъул «Федерация волейбола» ДРОО.

Баркула нилъер гIолел волейболисткабазда гьеб республикаялъулго кIвараль тадбиралда босараб тIадегIанаб хIасил. Гьарула гьезие МахIачхъалаялда тIоритIизе ругел финалияб къецазда жеги лъикIал хIасилал!

## Волейболалъул къецал



Гьал къоязда Унсоколо ДЮСШялъул базаялда тIоритIана волейболалъул къецал. Гьенир гIахьаллъана 2004 соналда гьарурал гIолел спортсменал. Къецазда гIуцIарухъанлъун букIана физкультураялъул, спорталъул, гIолел гIелалъулгун хIалтIи гьабиялъул ва туризмалъул отдел.

Киналниги къецазда гIахьаллъана районалдаса 9 команда. Тадбир иналда хадуб халккун букIана районалъул спорталъул отделалъул нухмалъиялда гьоркь хассаб судьязул коллегиялъ.

Тадбиралда гIахьаллъана лъай кьеялъул отделалъул нач. Къ. ХIасанов, спорталъулгун туризмалъул отделалъул ведущий специалист М. МухIамадов, Унсоколо росдал бетIер ХI. IАбдулаев ва цогидалги жавабиял гIадамал.

Къецазул хIасилал гьарулаго тIоцебесеб бакIалде бачIана Балахьуни СОШалъул команда, кIиабилеб бакI щвана Унсоколо № 2 школалъул командаялъе, лъабабилеб бакI ккуна Рихьуни гьоркьохьеб школалъул командаялъ.

Хадуб букIана къецазда гIахьаллъаразе шапакъатал кьеялъул бутIа.

Районалъул администрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул цIаралдасан кIалъазе вахъана М. МухIамадов. Гьес ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна къецазул гIахьалчагIазе ва гьарана хадурккунги спорталъулъ бергьенлъаби.

# Районалъул больницаялъе – Баркалаялъул Кагъат



Халкъазда гьоркьосеб руччабазул Къо ялъ, РДялъул Халкъияб Собраниялъул, промышленносталъул, жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул, транспорталъул ва нухазул рахъалъ «Единая Россия» ВППялъул фракциялдасан вищарав депутат М. МухIамадовасул хIаракаталдалъун му-ниципалитеталъул бетIер ГI. Нурму-хIамадовас районалъул больницаялъе кьуна Баркалаялъул Кагъат. Гьеб дандчIваялда бетIергун цадахъ рукIана зам. М. ХIамзатов, отделазул начальникал, Унсоколо росдал бетIер ХI. IАбдулаевги.

Больницаялда кIудияб хIурматалда хIурматиял гьалбадерида дандчIвай гьабуна райбольницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ. ТIадехун бихьизабухъе дандчIваялъул аслияб мурад букIана пандемиялъул заманалда унтарал сах гьариялъулъ лъураб хIаракатаб бутIаялъухъ, гьабураб лъикIаб хъулухъалъухъ, намус бацIцIадго медиказул роль тIубазабуралъухъ коллективалъе баркала загьир гьаби.

«Жакъа гьайбатаб праздникалъул къоялъ унтаразул гIумро хвасар гьабиялъе къеркьарал гьал гьайбатал руччабазе кинабго лъикIабщинаб гьаризе бокьун буго дие. ТалихI-рохел гьарула нужер хъизаназе. Гьанир киналго унтул балагь тIаде бачIаразе щвана кколеб къадаралда медицинаялъул кумек. Нужер захIмат цIакъго бихьана пандемиялъул заманалда. Баркала киналъухъго, ракI-ракIалъ баркула нужеда праздник, халкъалъул сахлъи цIунарал, гьеб тIад буссинабурал гIадамаллъун руго нуж жакъа щивасе»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

Гьединго баркалаялъул ва баркиялъул рагIабигун кIалъана М. МухIамадов. «Нужеца нужго кинабго рахъалъ кьуна хIалтIуе, нахъ чIвана гIажалаб унти, щивасул бусадухъ чIун хъулухъ гьабуна гьезие. «Единая Россиялъ» тIадегIанаб къимат кьола нужер хIалтIуе. Киналъухъго ракI-ракIалъулаб баркала нужее!».

Ахиралда жидерго хIалтIул гьабураб тIадегIанаб къиматалъухъ нухмалъиялъе коллективалъул рахъалдасан баркала загьир гьабуна ГI. МухIамадовалъ.

Гьеб къоялъ сахлъи цIуниялъул хIалтIулъ ратIа гьаруразегун цадахъ тIолабго руччабазул коллективалъе кьуна тIугьдул.

## Нужерго сахлъи кин цIунилеб?

**Кумек гьабула**

* РакIалда бугеб тIубаялдде хьул цIуниялъ, лъугьунелде божилъигун балагьиялъ, махсаро-хочIалда рукIиналъ.
* ЗахIматаб бакIалде ккараб мехалъ ургъел-кьварилъи лъикIалде сверизабун бажариялъ, хасго хъизаналъулал захIмалъабазда хурхун.
* Дуего лъикIаб ишалде хехго тIад вуссун бажариялъ.
* ЛъикIаб асар рекIее гьабулеб лъугьа-бахъин гIемераб заманаялъ ракIалда ккун бажариялъ, рекIее бакIаб захIматаб иш хехго кIочон теялъ.
* БацIцIадаб гьаваялда лъикIго сваказегIан физическияб хIалтIи гьабиялъ.
* Кинаб бугониги пайдаяб ишалде маш-гъурлъиялъ: ччугIа ккве́й, рохьор гIодор чIей, кверaз пайдаял тIагIелал гьари.
* ГIемерго свакалареб бокьулеб хIалтIи гьабиялъ.
* Дурго сахлъиялдехун хIурматияб балагьи гьабиялъ.

**Зарал гьабула**

*Гьекъел-мехтелалъ

*Дагьа-макъаб жоялъе гIоло кьваридго ру-кIин, ай киналго кьварилъаби тIаде цIаялъ, даимаб рази гьечIолъиялъ, цщим бахьин, жахIда-хIусуд, анищаздаги мурадаздаги ресаздаги гьоркьор ругел рахъал рекъезарун бажарунгутIиялъ, кIвахIаллъиялъ ва гь. ц.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:** Администрация Унцукульского района

**Главный редактор** КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:** 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 9. 2022 г. 16.20 фактически -17. 50 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 988 экз.